


Konpè Filo: yon pèsonaj fètèfouni!

Kijan nou ka prezante Anthony PASCAL "Konpè Filo"?



Jounalis, militan, aktè teyat, aktè sinema men sitou gwo defansè lang kreyòl ak kilti popilè ayisyen an... Konpè Filo, se yon pèsonaj fètèfouni ki pote plizyè bonèt. Konpè Filo, se yon nonm rasanbleman ki gen plizyè dimansyon. Kidonk, pale de pèsonaj sila a se pa yon egzèsis fasil.

Vandredi 31 jiyè 2020, Ayiti pèdi yon sitwayen angaje. Mapou a tonbe. Zetwal la file. Konpè Filo kite nou. Dèy kouvri peyi a latètopye. Yonn nan nou travèse. Se plis pase yon bibliyotèk ki boule. Yon nonm ki te montre vizaj li nan idantifye tèt li toupatou ak makfabrik pèp ayisyen an. Konpè

Filo pa te rate yon okazyon pou li montre li se yon Ayisyen konsekan. Konpè Filo se yon trèdinyon ant plizyè jenerasyon. Li apresye timoun, jenn tankou granmoun. Konpè Filo se zanmi tout moun. Anpil temwanyaj montre li se yon pèsonaj ki renmen fè depasman jouk li rive padone pwòp bouwo li yo. Filo pa te janm rayi moun.

Devan gwo kontribisyon Konpè Filo pou kòz mas yo, devan gwo travay Konpè Filo nan kontribye pou li kore devlopman lang kreyòl ayisyen an (sa nou viv nan emisyon li te konn fè sou Tele Ginen, kote li te toujou itilize lang kreyòl ayisyen pou prezante emisyon Kalfou); devan enplikasyon li nan konsolide kilti peyi a (nan konpòtman, nan abiman, nan pratik li ak moun; devan devouman li nan prezante divès fasèt tradisyon ayisyen an atravè emisyon an, emisyon sila a ki touche diferan ang (sosyal, kiltirèl oubyen politik), yon veritab kalfou kote tout jenerasyon kwaze pou ede konstwi yon peyi ki gen nen nan figi l; devan detèminasyon vanyan gason sa a depi nan radyo **MBC**, pase nan **Haïti Inter**, **Chèn 11** jouk li rive ateri nan **Tele Ginen** (dènye medya li te pase) ; devan jeni aktè sila a ki te konn fè Pòtoprens tranble lè li sou sèn, sitou nan entèpretasyon pyès teyat Antigòn nan anba plim Moriso-Lewa; devan abilite li kòm aktè nan diferan fim li jwe; devan kouraj Konpè Filo malgre prizon, egzil, kout baton ak tout kalite zak maspinay, li te sibi anba rejim gwoponyèt divalyeris la; devan konfyans Konpè Filo te genyen nan peyi li, ki fè li te rantre vin viv epi sèvi l apre mouvman 1986 la (kote li te grandi tou piti Matisan epi li te retounen vin viv menm kote a malgre tout desandelye nan zòn nan).

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) salye memwa Konpè Filo, ki te toujou kore travay enstitisyon an, li te resevwa AKA plizyè fwa nan emisyon Kalfou. Dènye fwa a, se te nan mwa oktòb 2018, nan okazyon selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl. AKA wete chapo li devan grandè potorik gason sa a, pandan l ap swete Ayisyen wòdpòte sa a bon travèse, tout fanmi, zanmi, kolaboratè ak fanatik li yo, kouraj, fòs ak pèsèverans!

Woukougou Konpè Filo!

@ *Direksyon Kominikasyon*